

### **BAB III**

#### **MÉTODE PANALUNGTIKAN**

Dina ieu bab, aya sababaraha hal nu dipedar diantarana (1) métode panalungtikan, (2) desain panalungtikan, (3) wangenan operasional, (4) instrumén panalungtikan, (5) tahap ngumpulkeun data panalungtikan, (6) analisis data panalungtikan, jeung (7) lokasi jeung sumber data panalungtikan.

#### **Métode Panalungtikan**

Métode panalungtikan anu digunakeun nya éta métode déskriptif. Métode déskriptif nya éta métode anu digunakeun pikeun nalungtik status kelompok masarakat anu miboga tujuan pikeun ngadeskripsikeun, atawa méré gambaran ngeunaan fakta-fakta anu aya patalina jeung pasualan anu ditalungtik.

Nurutkeun Whitney dina Nazir (2011, kc.54), métode panalungtikan déskriptif nya éta métode anu ngaguar fakta ngagunakeun interpretasi akurat. Métode déskriptif ogé nalaah masalah-masalah nu aya di masarakat, tata cara, situasi masarakat, sikep masarakat, jeung sudut pandang masarakat. Dina harti panalungtikan nu leuwih jembar, panalungtikan déskriptif atawa métode déskriptif ngawengku métode panalungtikan nu leuwih jembar di saluareun métode sejarah jeung eksperimental, sacara umum métode déskriptif disebut métode survéi.


Dina panalungtikan nu sipatna kualitatif tangtu raket patalina jeung survéi,observasi atawa wawancara. Ku kituna panalungtikan kualitatif miboga objék pikeun ditalungtik sacara leuwih jero. Nurutkeun Spradley dina Sugiyono (2014, kc. 297) disebut “*social situation*”, atawa situasi sosial anu miboga tilu elemen nya éta tempat, (*place*), palaku (*actors*), jeung aktivitas (*activity*). Tilu hal éta nu bakal jadi fokus utama dina panalungtikan kualitatif.

#### **Desain Panalungtikan**

Nurutkeun Sukardi dina Anggraeni (2015, kc.26), desain atawa rancangan panalungtikan nya éta gambaran wincik ngeunaan prosés panalungtikan nu bakal dilaksanakeun ku panalungtik pikeun ngaréngsékeun hiji pasualan. Desain panalungtikan biasana mangrupa gambaran runtuyan prak-prakan nu kudu dilaksanakeun pikeun ngahontal tujuan panalungtikan. Desain panalungtikan dina

upacara adat ngabungbang nu dilaksanakeun saperti nu ditataan dina bagan dihandap.

Bagan 3.1  
Desain Panalungtikan



## **Wangunan Operasional**

### **1) Éstétika**

Éstétika nya éta ajén atawa pangajén anu dihasilkeun tina pamikiran anu diulik bebeneranna pikeun ngaguar hiji pasualan penting ngeunaan seni jeung kaéndahanana.

### **2) Upacara Adat**

Upacara adat mangrupa hasil tina kabudayaan anu diciptakeun ku manusa ngaliwatan ide-ide jeung pamikiran anu luhung. Ku kituna, upacara adat nu aya di unggal wewengkon tangtu bakal aya bébédaanana dumasar kana rupa-rupa kapercayaan masarakatna. Upacara adat mangrupa salahsahiji tina unsur budaya nya eta unsur religi atawa kapercayaan. Aspek kapercayaan tangtu sok dipatalikeun jeung hal-hal anu sipatna irasional, saperti Ngabungbang nu dilaksanakeun ku masarakat Batu Lawang anu tujuanna pikeun nepikeun rasa sukur ka Pangeran sarta ngadu'akeun luluhur sangkan tetep meunang berekah.

### **3) Ngabungbang**

Ngabungbang téh nya éta ulin ngalantung atawa jarah ka makam karamat atawa ngadon mandi dipamandian nu aya karamatna waktu keur caang bulan ngebrak dina tanggal 14 bulan Komariah biasana dina bulan anu diangungkeun ku Islam saperti bulan Mulud, supaya meunang berekah(Danadibrata. 2009, kc. 113).

### **4) Bahan Ajar**

Bahan ajar nya éta sagala sumber, bisa mangrupa data, jalma atawa hal séjén nu bisa digunakeun ku siswa dina kagiatan diajar. Bahan ajar ogé mangrupa salah sahiji komponén pangajaran.

### **5) Maca**

Maca nya éta hiji prosés nu dilaksanakeun sarta digunakeun ku nu maca pikeun nyangking amanat nu rék ditepikeun ku nu nulis ngaliwatan média kekecapan/basa tinulis.

## 6) Artikel

Artikel nya éta tulisan nu sipatna bébas, eusina ngeunaan opini hiji jalma nu medar hiji masalah nu tangtu nepi ka réngsé, sipatna *aktual* jeung *kontroversial*, miboga udagan pikeun méré nyaho (*informatif*), mangaruhan jeung ngayakinkeun (*persuatif-argumentatif*), atawa ngahibur nu maca (*rekreatif*).

Jadi maksud tina panalungtikan anu judulna “Ajén Éstétika dina Upacara Adat Ngabungbang di Desa Batu Lawang Kacamatan Pataruman Kota Banjar pikeun Bahan Pangajaran Maca Artikel Budaya di SMA (Ulikan Sémiotik)” nya éta bakal ngahasilkeun artikel nu bisa jadi bahan pangajaran dina maca di tingkat SMA kelas XII.

### Instrumén Panalungtikan

Nurutkeun Nasution dina Sugiyono (2014, kc.306) dina panalungtikan kualitatif teu miboga pilihan séjén iwal ti ngajadikeun manusa salaku instrumen panalungtikan anu utama. Sedengkeun nurutkeun Sukardi dina Anggraeni (2015, kc. 30) instrumen panalungtikan nya éta alat atawa pakakas pikeun ngumpulkeun data lapangan. Dua pamadegan anu béda, tapi pamadegan éta duanana miboga bebeneranna sorangan. Nurutkeun Nasution manusa salaku instrumén hartina manusa (objek) nu jadi alat(diperalat), dina harti positif manusa anu jadi objek digunakeun kupanalungtik (subjek) pikeun nyangking informasi, sedengkeun nurutkeun Sukardi instrumén mangrupa alat pikeun nyangking data panalungtikan, sakaligus bisa nyadiakeun atawa dijadikeun bukti dina alat anu digunakeunna. Alat anu dimaksud saperti nu ditataan dihandap.

#### 1) Handphone

*Handphone* mangrupa alat dina waktu lumangsungna kagiatan Ngabungbang, jeung salaku alat nu digunakeun dina kagiatan wawancara pikeun ngarekam, ngadokuméntasikeun potu, sarta ngadokuméntasikeun video.

#### 2) Kamera Digital

Kamera digital mangrupa alat dokuméntasi nu digunakeun panalungtik pikeun ngadokumentasikeun potu jeung video nalika observasi dina kagiatan Ngabungbang.

### 3) Pedoman Wawancara

Pedoman wawancara digunakeun pikeun nungtun panalungtik dina kagiatan wawancara sangkan bisa museur kana fokus panalungtikan anu geus dirarancang.

## Tahap Ngumpulkeun Data Panalungtikan

### Tehnik Ngumpulkeun Data

Tehnik dina ngumpulkeun data mangrupa léngkah anu kawilang penting dina panalungtikan, lantaran tujuan utama dina proses panalungtikan nya éta ngumpulkeun data. Disawang tina segi carana, aya tilu cara dina ngumpulkeun data saperti (1) observasi, (2) wawancara, jeung (3) dokumentasi.

#### 1) Tehnik Observasi

Nurutkeun Marshall dina Sugiyono (2014, kc.310) *through observation, the researcher learn about behavior and the meaning attached to those behavior*. Hartina ngaliwatan observasi, panalungtik diajar ngeunaan perilaku jeung ma'na nu aya dina peralakuna. Sanafiah Faisal dina Sugiyono (2014, kc.310) ngabagi observasi jadi tilu diantaranya *observasi partisipatif, observasi terus terang jeung tersamar, jeung obervasi tak berstruktur*.

##### a) Observasi Partisipatif

Dina Observasi Partisipatif, panalungtik sacara langsung ilubiung dina kagiatan nempatkeun dirina salaku *partisipan*, ngalakukeun hal anu sarua jeung sumber data. Ngaliwatan observasi partisipatif, data nu dicangking bakal leuwih akurat, nepika nyaho kana tingkatan ma'na tina unggal aspek kagiatanna.

##### b) Observasi Nembrak jeung Nyamuni

Dina Observasi Nembrak jeung Nyamuni, panalungtik menta sacara langsung ka sumber data pikeun ngalakukeun observasi, tapi dina hiji mangsa panalungtik bakal ngalakukeun observasi nyamuni pikeun meunangkeun data anu sipatna rahasia.

c) Observasi Tak Berstruktur

Dina *Observasi Tak Berstruktur*, panalungtik teu boga patokan anu tangtu pikeun ngabagi-bagi data anu diobservasi. Panalungtik ngan saukur nuturkeun unggal kagiatan bari nyangking sakabéh aspék.

**2) Tehnik Wawancara**

Nurutkeun Esterberg dina Sugiyono (2014, kc.317), wawancara nya éta paguneman antara panalungtik jeung informan pikeun babagi informasi jeung ide ngaliwatan tanya jawab, sangkan bisa ngawangun ma'na dina salah sahiji topik nu tangtu.

Tehnik wawancara bisa digunakeun pikeun ngalengkepan data panalungtikan saupama ngarasa data nu dicangking tina observasi teu nyumponan kritéria data nu bisa diolah.

**3) Tehnik Dokumentasi**

Nurutkeun Sugiyono (2014, kc.329), dokuméntasi mangrupa catetan peristiwa nu geus kaliwat, bisa mangrupa tulisan, gambar atawa karya-karya séjénna saperti *film* atawa *video*. Tehnik dokuméntasi digunakeun pikeun ngalengkepan data-data hasil observasi jeung wawancara dina panalungtikan kualitatif.

**Léngkah-léngkah Ngumpulkeun Data Panalungtikan**

Dina ngumpulkeun data panalungtikan, aya léngkah-léngkah nu dilaksanakeun ku panalungtik nya éta saperti nu ditataan dihandap.

- 1) Panalungtik nyieun pedoman panalungtikan.
- 2) Panalungtik nyieun format wawancara pikeun panalungtikan.
- 3) Panalungtik nyieun surat perijinan pikeun ngalaksanakeun panalungtikan.
- 4) Panalungtik ngalaksanakeun panalungtikan nu dimimitian ku observasi, observasi nu digunakeun ku panalungtik nya éta observasi partisipatif.
- 5) Panalungtik ngadokumentasikeun hasil observasi.
- 6) Panalungtik ngalaksanakeun wawancara dumasar kana pedoman.
- 7) Panalungtik ngadokumentasikeun hasil wawancara.

- 8) Panalungtik menta data ti pamaréntahan ngeunaan data tinulis pikeun ngadedeulan data panalungtikan.
- 9) Panalungtik ngainventarisir sakabéh data nu dibeunangkeun tina sakabéh kagiatan panalungtikan.

### **Analisis Data**

Nurutkeun Sugiyono (2014, kc. 335) analisis data nya éta prosés néangan jeung nyusun sacara sistematis data nu dicangking tina hasil observasi, wawancara jeung dokuméntasi, ku cara ngaorganisasikeun data kana wangun katégori, ngajabarkeun dina wangun unit-unit, ngalakukeun *sintesa*, nyusun kana wangun pola, ngabagi-bagi mana nu penting nu baris ditalungtik, jeung nyieun kacindekan sangkan leuwih gampang dipikaharti ku panalungtik atawa jalma séjénna.

### **Sumber Data Panalungtikan**

Nurutkeun Sugiyono (2014, kc.308-309) aya sumber data primér jeung sumber data sekundér. Sumber primér nya éta sumber data anu langsung méré data ka panalungtik, sedengkeun sumber sekundér nya éta sumber data anu teu langsung méré data ka panalungtik, contona ngaliwatan medium manusa salaku panumbu catur ti narasumber utama atawa dokumén-dokumén.

Sumber data nu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta hasil tina wawancara, ngarekam, ngadokumentasikeun jeung observasi. Sumber data anu dicangking nya éta ditataan dihandap:

- 1) Data ti Ki Demang Wangsyafudin salaku kokolot dina Upacara Adat Ngabungbang. Data dicangking ngaliwatan wawancara jeung ngarekam.
- 2) Data ti Aparatur Désa Batu Lawang salaku pamaréntahan nu ngokolakeun Désa sarta ngarojong kana lumangsungna Upacara Adat Ngabungbang. Data dicangking ngaliwatan dokumen-dokumen Désa.
- 3) Data tina hasil observasi nalika lumangsungna Upacara Adat Ngabungbang. Data dicangking ku cara observasi, ngarekam, wawancara jeung ngadokumentasikeun ngaliwatan audio visual.

Tabél 3.1


Data Informan Upacara Adat Ngabungbang di Batu Lawang

Ngaran	Pakasaban	Poto
<p>Ki Demang Wangsyafudin</p>	<p>Sesepuh Ngabungbang</p>	
<p>Kuwu Ani</p>	<p>Kepala Desa</p>	



## Lokasi Panalungtikan

Gambar 3.1  
Peta Wilayah



Lokasi anu dijadikeun tempat panalungtikan pikeun meunangkeun data panalungtikan ngeunaan upacara adat ngabungbang, nya éta aya di Desa Batu Lawang Kacamatan Pataruman Kota Banjar di Provinsi Jawa Barat. Désa Batu Lawang miboga opat dusun diantarana, kahiji Dusun Cimanggu nu jadi pusat pamarentahan Désa Batu Lawang, kadua Dusun Karang Sari, katilu Dusun Tundagan, kaopat Dusun Pagerbatu

Oka Gilang Ksatria, 2017

*AJÉN ÉSTÉTIKA DINA UPACARA ADAT NGABUNGBANG DI DESA BATU LAWANG KACAMATAN PATARUMAN KOTA BANJAR PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA ARTIKEL DI SMA(Ulika Sémiotik)*  
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

